



Reyinyon nimewo 5 Komisyon Morrissey Boulevard

Sa k ap pase?

Senkyèm reyinyon Komisyon Morrissey Boulevard la pral fèt madi 6 out 2024, depi 6:00 p.m. pou rive 8:00 pm. nan Boston Collegiate Charter School, nan Dorchester. Reyinyon sa a pral fèt an pèsonn, avèk opsyon pou rankont vityèl, epi l ap ouvri pou publik la. Tanpri sonje sa, reyinyon an pral anrejistre.

Nan reyinyon sa a, yo pral prezante manm Komisyon an, ak prezante etid sou ànaliz modèl transpò inisyal la, ak rafinman altènativ yo. Apre sa, pral genyen yon diskisyon ant manm Komisyon an, ak yon peryòd kòmantè pou publik la.

Kilè

Madi 6 out 2024
6:00 diswa pou rive 8:00 diswa EST

Ki Kote

Boston Collegiate Charter School
215 Sydney Street
Dorchester, MA 02125



Ale nan adrès <https://www.mass.gov/k-circle-morrissey-study> pou plis enfòmasyon sou reyinyon an, ak pou enskri pou patisipasyon vityèl.



Lokal reyinyon sa a aksesib pou moun ki andikape ak moun ki pa konn pale angle byen. MassDOT ap fè aranjman rezonnab ak/oswa bay asistans nan lang si yon moun mande, san fè li peye, toutotan sa posib. Pou mande fè aranjman oswa pou mande asistans entèprèt, tanpri kontakte Responsab MassDOT pou Divèsite ak Dwa Sivik la (MassDOT's Chief Diversity and Civil Rights Officer) nan nimewo telefòn (857-368-8580), oswa nimewo faks (857-368-0602), relè 7-1-1, oswa nan adrès elektwonnik MassDOT.CivilRights@dot.state.ma.us. Demann yo dwe fèt pi bonnè ou kapab anvan jou reyinyon an. Pou sèvis ki pi difisil pou jwenn yo, tankou lang ki pale ak siy, oswa CART, oswa tradiktè ak entèprèt, demann yo dwe fèt omwen dis (10) jou ouvrab davans, anvan jou reyinyon an.